

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis 1) struktur lahir guguritan, 2) struktur batin guguritan, jeung 3) ajén kaagamaan sarta 4) larapna pikeun bahan ajar dina buku *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana. Data panalungtikan nyaéta 12 judul guguritan nu aya dina buku *Guguritan Mungghah Haji* kalawan aya 12 pupuh (kinanti, sinom, asmarandana, dangdanggula, pangkur, durma, maskumambang, mijil, wirangrong, pucung, magatru, jeung balakbak). Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta 1) tiori Alton C. Morris nu nétélakeun unsur pangwangun dina puisi (struktur lahir) nyaéta diksi, imaji, kecap kongkirt, gaya basa, jeung purwakanti, 2) tiori I.A Richard ngeunaan hakékat puisi (struktur batin) nu diwangun ku téma, rasa, nada, jeung amanat, 3) tiori Anshari (ajén kaagamaan) diwangun ku akidah, syari'ah jeung ahlak. Métonde jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métonde déskriptif analisis kalayan pamaerkan kualitatif.

Struktur lahir puisi nu aya dina *Guguritan Mungghah Haji* kaasup lengkep jeung variatif. Ieu hal dilantarankeun struktur lahirna mibanda kajembaran boh dina diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti. Struktur lahir nu kapaluruh nyaéta 1) diksi, kapaluruh 30 kecap; 2) kecap kongkrit, kapaluruh, kapaluruh aya 20 kecap; 3) imaji, kapaluruh kecap nu lolobana dina imaji gerak, jeung panénjo; 4) gaya basa, nu kapaluruh nyaéta gaya basa ngupamakeun, jeung gaya basa raguman; 5) purwakanti nu kapaluruh nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, purwakanti laraswekas, purwakanti mindoan kawit, jeung purwakanti laras madya.

Struktur batin nu kapanggih dina *Guguritan Mungghah Haji* sakabéhna patali hiji jeung nu séjénna. Mimiti téma nu diangkat ku pangarang, kana rasa nu bakal karasa ku pamaca sabada dibaca atawa dihaleuangkeun guguritanna, nada anu nyangkaruk dina jero guguritan, jeung amanat nu nyangkaruk dina jero guguritan

Struktur batin nu kapaluruh nya éta 1) téma dina ieu guguritan sakabéhna ngagunakeun téma kaagamaan; 2) rasa nu kapaluruh réana rasa bungah lantaran bisa nyumponan kawajiban ngalaksanakeun ibadah haji, rasa séjén nu kapanggih nyaéta sedih, sono, sabar, bingung, pasrah, panasaran, melang, prihatin, jeung karunya; 3) nada nu réa kapanggih dina guguritan nyaéta nada kabagjaan jeung pépéling, nada séjénna aya nada husu, sumanget, kabungah, kasedih, jeung pasrah; 1) amanat nu réa kapanggih nyaéta ngeunaan tapakur yén sagala nu aya dunya titipan Allah, jeunh kahirupan di dunya ngan sementara, bakal aya kahirupan nu kekal nyaéta ahérat.

Ajén kaagamaan dina *Guguritan Mungghah Haji* ngawengku akidah, syari'ah jeung ahlak. Ajén kaagamaan nu kapaluruh nyaéta 1) akidah nu aya hubunganna jeung rukun iman atawa kayakinan; 2) syari'ah nu aya hubunganna jeung rukun islam, saperti syari'at-syari'at atawa aturan kahirupan nu aya di al-qur'an jeung hadits; 3) ahlak nyaéta nu aya patalina jeung sikap manusa.

Satuluyna, ieu *Guguritan Mungghah Haji* téh bisa dijadikeun bahan pangajaran tur dilarapkeun ka siswa kelas VIII SMP lantaran saluyu jeung KIKD dina kurikulum 2013 révisi 2017, pupuh nu digunakeun dina guguritanna nyaéta pupuh mijil jeung durma. Jadi sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén ieu *Guguritan Mungghah Haji* téh miboga struktur lahir nu lengkep jeung variatif lantaran réa kapanggih kekecapan nu katitén ahéng. Perkara struktur batin, antara sakabéh unsurna téh silih patali hiji jeung nu séjénna. Satuluyna ajén kaagamaan anu lengkep aya akidah, syari'ah jeung ahlak. Pamungkas ieu guguritan bisa dijadikeun bahan pangajaran guguritan di kelas VIII SMP.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusatraan jeung kaagamaan hususna dina sastra guguritan, tur bisa dijadikeun bahan pangajaran pikeun SMP. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bosa ngajémbarkeun paélmuan dina widang sastra hususna dina ngulik struktur lahir jeung struktur batin, sarta ajén kaagamaan. Henteu saukur dina perkara

guguritan wungkul, tapi bisa dilarapkeun dina ngulik wangun sastra puisi séjénna, saperti mantra, jeung sajak.

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékomémndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha piak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik, pikeun guru, pikeun murid, jeung pikeun masarakat umum.

Pikeun panalungtik dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Sarta dipiharep bisa nganalisis ieu buku *Guguritan MunggaH Haji* ngagunakeun pamarekan anu séjénna.

Pikeun guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi bahan pangajaran hususna dina guguritan ka murid. Satuluyna dipiharep hasil panalungtikan ngeunaan struktural jeung ajén kaagamaan bisa dijadikeun pangajaran sastra.

Pikeun murid dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan dijadikeun picontoeun jeung cukang lantaran sangkan karya sastra guguritan salawasna dipikawanoh.

Pamungkas, pikeun masarakat dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kasustraan husuna dina ieu guguritan nu euyeub ku ajén inajén. Jeung dipiharep aya mangpaatna pikeun dilarapkeun dina kahirupan.